Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON EKSPANSYON AN DE FAZ KI PRÈSKE RIVE 170 MILYON DOLA POU SANT FABRIKASYON BARILLA NAN KONTE LIVINGSTON LA

Konpayi fabrikan pasta ki gen renome atravè mond lan pran angajman pou kreye plis pase 90 nouvo djòb pandan dire pwojè a nan sant li genyen depi lontan nan Vil Avon

Envestisman Eta Nouyòk la konplete estrateji konplè rejyonal yo devlope pou revitalize kominote yo epi fè ekonomi an grandi atravè pwojè ki sipòte biznis agrikòl ak fè endistri fabrikasyon yo vanse

Foto sant lan disponib isit la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse yon gwo plan ekspansyon an de faz pou Barilla, fabrikan pasta sèk ki gen anpil renome a, nan sant fabrikasyon li nan Vil Avon, Konte Livingston. Konpayi an pral envesti 145 milyon dola nan Premye Faz pwojè a, sa ki gen ladan konstriksyon yon nouvo bilding prensipal 4,800 mèt kare (52,000 pye kare) pou agrandi operasyon fabrikasyon li yo, ansanm ak yon nouvo liy pwodiksyon ak twa liy anbalaj. Y ap konstwi yon lòt sant depo tou pou estokaj ak distribisyon pwodiksyon ki agrandi a. Espas yo ajoute a pral pèmèt yo enstale yon dezyèm liy nan pwochen Faz De a, sa ki reprezante envestisman adisyonèl la. Barilla prevwa kreye plis pase 90 nouvo djòb lè toude faz ekspansyon an fini. Sa vin ajoute sou premye envestisman 75 milyon dola yo te fè an 2006 la, apre sa sant la te ouvri an 2007, sa ki te kreye epi soutni anviwon 145 djòb nan rejyon an.

"Avèk envestisman kontinyèl nou nan pwojè transfòmatè yo ansanm ak patnè tankou Barilla, n ap devlope endistri kle yo atravè eta a epi kreye plis djòb pou Nouyòkè yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Patenarya kontinyèl sa a pral sèvi pou mete an valè gwo resous agrikòl rejyon an ansanm ak envestisman li nan fabrikasyon avanse, pandan l ap bati sou efò administrasyon mwen an pou kontinye bay kominote yo nouvo fòs epi jenere kwasans ekonomik atravè eta a."

Barilla, pi gwo fabrikan pasta nan mond lan, opere nan plis pase 100 peyi epi li gen 30 sant pwodiksyon atravè 10 peyi, kote li pwodui divès kalite pasta, sòs, ak pwodwi boulanjri. Barilla te fonde prèske 150 ane de sa nan Parma, Itali, epi li ap opere nan lokal Vil Avon depi 2007. Yon seri pwodwi konpayi an vann Ozetazini fèt nan sant Konte

Livingston lan, ansanm ak yon lòt sant nan Iowa. Konpayi an anboche prèske 9,000 anplwaye atravè mond lan.

Vis Prezidan Chèn Apwovizyònman Barilla Americas a, Fabio Pettenari, te deklare, "Ekspansyon sa a make yon etap enpòtan nan kwasans kontinyèl nou Ozetazini epi li montre angajman nou anvè Vil Avon. Lè nou ogmante kapasite nou, nou pa sèlman ap envesti nan biznis nou, men tou nan avni kominote kote nou ap opere avèk fyète depi plizyè ane. Ekspansyon sa a pèmèt nou tou ranfòse chèn apwovizyònman nou nan Amerik di Nò epi redui emisyon CO2 yo anviwon 3,000 tòn chak ane."

Prezidan Barilla Americas la, Melissa Tendick, te deklare, "Rasin nou soti nan eritaj italyen nou an, epi nou kontinye fè inovasyon ak evolye pou satisfè bezwen kliyan nou yo Ozetazini. Ekspansyon sa a sipòte kapasite nou pou reponn ak demann k ap grandi a pandan nou rete konsantre sou sa ki pi enpòtan an — bay pasta kalite siperyè konsomatè yo konnen epi fè konfyans."

Empire State Development (ESD) ap ede pwojè a ak jiska 2.75 milyon dola nan Pwogram Kredi Enpo pou Travay Excelsior (Excelsior Jobs Tax Credit Program) a an echanj pou angajman konpayi an nan kreyasyon travay. Otorite Enèji Nouyòk la ap konsidere asistans tou. National Grid, Rochester Gas and Electric, Konte Livingston, ak Greater Rochester Enterprise ap ede tou avèk pwojè ekspansyon an. Konpayi an prevwa fini premye faz pwojè a anvan mwa mas 2028.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, envestisman estratejik ESD yo ap ranfòse endistri esansyèl yo epi ede kominote yo devlope enfrastrikti ki nesesè pou ankouraje ak sipòte biznis sa yo. Desizyon Barilla Pasta pran pou agrandi operasyon li yo anpil nan Konte Livingston lan ranfòse enpòtans patenarya piblik-prive sa yo, ki kreye djòb bon kalite epi jenere nouvo kwasans ekonomik pou rejyon Finger Lakes la ak atravè eta a."

Sipèvizè Vil Avon ak Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Livingston lan, David L. LeFeber, te deklare, "Barilla se yon motè ekonomik nan Konte Livingston depi li te premye louvri pòt li isit la nan Avon prèske de deseni de sa. Nou rekonesan pou sipò eta a nan finansman ekspansyon sa a, ki pral alimante siksè kontinyèl Barilla epi bay rezidan nou yo djòb bon kalite pou plizyè ane k ap vini yo."

Direktè Adjwen Jeneral Avangrid la, Kim Harriman, te deklare, "Nan Avangrid, nou pran angajman pou alimante koneksyon kote yo pi enpòtan. Ekspansyon Barilla mete an evidans wòl enpòtan aksè ak enèji abòdab ak fyab jwe nan fè devlopman ekonomik vanse atravè Eta Nouyòk. Atravè solisyon kreyatif ak bon kolaborasyon, pwojè sa a rive reyalize — sa ki kreye djòb epi ede kominote lokal yo pwospere."

Direktè Rejyonal National Grid la, Ken Kujawa, te deklare, "Envestisman kontinyèl Barilla nan Konte Livingston montre kalite kwasans ki fikse sou lavni, ki ranfòse

kominote yo epi kreye yon enpak ekonomik dirab atravè rejyon an. National Grid fyè pou l kolabore ak patnè devlopman ekonomik nou yo pou sipòte pwojè ki ede fabrikan yo agrandi, amelyore efikasite yo, epi bati sou baz solid fabrikasyon Nouyòk la."

Direktè Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Livingston lan, William Bacon, te deklare, "Konte Livingston fyè anpil pou l sipòte kwasans kontinyèl Barilla ansanm ak gwo angajman li anvè Vil Avon. Envestisman enpòtan sa a pa sèlman ranfòse pozisyon nou kòm yon lidè nan biznis agrikòl ak fabrikasyon avanse, men li kreye tou prèske 100 djòb bon kalite pou mendèv lokal nou an. Barilla se yon patnè kominotè eksepsyonèl depi 2007, epi ekspansyon sa a asire rejyon nou an ap rete yon sant enpòtan pou fabrikasyon manje mondyal pandan plizyè deseni k ap vini yo."

Prezidan ak PDG Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare, "Nou kontan anpil dèske Barilla chwazi agrandi nan Greater Rochester, Nouyòk, pou kontinye pwofite ekspètiz eksepsyonèl rejyon an nan fabrikasyon manje ak bwason, mendèv li, ansanm ak pwoksimite li ak gwo mache yo nan Nòdès san gwo depans. Greater Rochester Enterprise te kolabore ak patnè devlopman ekonomik eta ak lokal yo, ansanm ak patnè sèvis piblik ak tren yo, pou devlope yon pake ankourajman konplè pou asire opòtinite ekspansyon konpetitif sa a te avanse nan rejyon Greater Rochester, Nouyòk la. Barilla te youn nan premye gwo viktwa GRE nan atire biznis prèske 20 ane de sa. Sa bay satisfaksyon pou nou kontinye sipòte kwasans fabrikan pasta ki gen enpòtans mondyal sa a nan Konte Livingston."

Enfòmasyon sou Barilla Group
Barilla se yon biznis fanmi ki pa sou Mache Bousye a, epi se frè sa yo, Guido, Luca, ak Paolo Barilla k ap dirije li. Gran-granpapa yo, Pietro Barilla, te fonde li lè li te louvri yon boulanjri nan Parma an 1877. Jodi a, Barilla a gen renome nan Itali ak atravè mond lan pou kalite pwodwi alimantè li yo. Avèk mak li yo — Barilla, Mulino Bianco, Pan di Stelle, Gran Cereale, Harrys, Pavesi, Wasa, Filiz, Yemina, Misko, Voiello, First, Catelli, Artisia, Back to Nature, ak Pasta Evangelists — li ankouraje yon alimantasyon ki gen bon gou, nourisan, ak bon pou sante, ki enspire pa Rejim Mediteraneyen an ak estil lavi italyen an. Lè Pietro te louvri boutik li a prèske 150 ane de sa, objektif prensipal la se te fè bon manje. Prensip sa a vin tounen fason Barilla fè biznis jodi a, avèk prèske 9,000 moun k ap travay pou konpayi an ansanm ak yon chèn apwovizyònman ki pataje valè li yo ak pasyon li pou kalite. Angajman Gwoup la se pou ofri moun yo lajwa ke bon manje ki byen prepare ka pote pou yo, manje ki fèt ak engredyan yo chwazi nan chèn apwovizyònman ki responsab otank posib, pou kontribye nan yon pi bon prezan ak yon pi bon avni. Depi 1987, yo t ap kolekte achiv istorik epi prezève istwa konpayi an, ki kounye a se yon resous ouvè pou tout moun atravè pòtay mize a: www.archiviostoricobarilla.com. Pou plis enfòmasyon, vizite: www.barillagroup.com; X: @barillagroup; LinkedIn: Barilla Group; Instagram: @barillapeople

Akselere Devlopman Ekonomik nan Finger Lakes
Anons jodi a vin konplemante "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou

plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

Enfòmasyon sou Empire State Development
Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik Nouyòk, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Ak biwo nan chak nan 10 rejyon eta a, ESD sipèvize Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Estratejik Mendèv. Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite esd.ny.gov, epi konekte ak ESD sou LinkedIn, Facebook ak X.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU